

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ti waktu ka waktu, jaman tangtu beuki mekar sarta ngalaman parobahan, boh alamna boh manusana. Saluyu jeung éta hal, tangtu réa dampak boh nu alus boh sabalikna. Sawatara dampak nu alus, di antarana élmu pangaweruh beuki lega ambahanana, teknologi beuki canggih, manusana beuki melék kana élmu pangaweruh, jsb. Lian ti éta, aya dampak nu negatif atawa teu saluyu jeung norma nu aya di masarakat. Contona waé, réa manusa nu teu maliré kana kaayaan lingkungan sabudeureunana. Geus lain rusiah deui, yén bumi téh beuki ruksak alatan réana manusa nu geus méh api lain kana lingkunganana. Ti mimiti bencana alam, nepi ka bencana anu dibalukarkeun ku manusana sorangan. Réa kasus-kasus kahuruan di leuweung, runtah narumpuk di walungan jeung susukan nu ngabalukarkeun caah di mana-mana, kebon-kebon (taneuh) dijarualan ka deungeun (nu antukna jadi “jati ka silih ku junti”), cai inumeun gé ayeuna mah kudu meuli (alam dijadikeun objek komersil), jeung sajabana.

Kasadaran manusa kana pentingna ngariksa lingkungan, beuki dieu beuki nyirorot karasana. Lain saukur hubungan manusa jeung lingkungan alam wungkul, tapi hubungan ka papada manusa ogé beuki laér. Luyu jeung nu disebutkeun ku Endraswara (2016, kc. 36) yén ayeuna mah alam téh ngan dijadikeun objek pikeun nyumponan pangabutuh manusa wungkul.

Dina karya sastra, hal samodel kitu geus aya ti baheulana. Para pangarang, biasana ngébréhkeun sagala rupa nu aya di lingkungan sabudeureunana kana wangun tinulis, nu disebut karya sastra, ku cara ngajadikeun lingkungan salaku latar, majas, atawa dijadikeun salaku tema, sarta judul. Éta tulisan tangtuna lain saukur ébréhan haté atawa kaayaan lingkungan sabudeureunna, tapi ogé mangrupa salah sahiji kritik pangarang kana kaayaan lingkunganana, supaya para pamaca bisa ngeunteung tina éta tulisan pikeun ngalakonan kahirupan, hususna kumaha sikep manusa nu sakuduna ka alam.

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudang kasadaran manusa kana ngajaga lingkungan sabudeureunana pikeun kalumangsungan hirupna. Sabab, kiwari geus

beuki langka manusa nu maliré kana kaayaan lingkunganana (salah sahiji balukar negatif tina kamekaran jaman). Réa hal-hal nu leupas tina fitrah asalna, jiga nu geus disebutkeun saméméhna. Ku kituna, panalungtik nyokot ulikan ekokritik pikeun nalungtik tumalina karya sastra jeung lingkungan, sarta némbongkeun yén lingkungan téh kacida pentingna, kudu dijaga sakumaha manusa ngajaga dirina sorangan. Sabab, mun alamna atawa lingkunganna ruksak tangtu pangaruhna bakal karasa ku manusana sorangan. Hal di luhur, saluyu jeung dawuhan Gusti Allah dina Al-Quran suroh Ar-rum ayat 41, nu intina nyebutkeun yén ruksakna alam téh balukar tina laku lampah manusana sorangan sarta bakal aya balukarna keur maranéhanana.

Saméméh kana ulikan ekokritik, panalungtik rék medar heula ngeunaan karya sastra. Karya sastra mangrupa salah sahiji hasil ciptaan manusa dina wangun tinulis nu saenyana moal leupas tina lingkungan di mana karya éta gelar. Sastra salaku salah sahiji media pikeun ngébréhkeun eusi haté atawa pikiran (imajinasi) pangarang, tangtu dina nyiptakeun éta karya saeutikna pasti gumantung kana alam atawa lingkungan sabudeureun pangarangna. Nurutkeun Koswara (2013, kc. 6), di satukangeun kafiksian jeung kaartistikanana, hakékat sastra nyaéta ayana ajén-ajén kajujuran jeung bebeneran. Bebeneran nu aya dina karya sastra leuwih nyindekel kana gambaran kajadian nu aya dina kahirupan sapopoé, lain saukur tina ébréhan eusi haté atawa pikiran wungkul.

Siga nu geus disebutkeun saméméhna yén nalika pangarang nulis karya sastra, tangtu moal leupas tina kaayaan lingkungan sabudeureunana, boh sacara langsung boh teu langsung. Pikeun ngabuktikeun patalina karya sastra jeung lingkungan, panalungtik baris nalungtik sawatara judul carita pondok.

Réa karya sastra (utamana carpon) nu ngalibetkeun alam, éta hal bisa ditilik tina cara ngajudulan éta karya, maké hal-hal nu pakait jeung alam sarta lingkunganana, contona waé “Pasir Kiara” karya Yus Rusyana, “Janari Simpé di Cijeléreun” karya Aan Merdeka Permana, “Tanah Sakarung,” “Tempat Nyimpang Saheulaanan,” jeung “Sapeuting di Cipawening” karya Usép Romli, “Daun” karya Yus R. Ismail, “Kukupu Hiber dina Beus” karya Chyé Rétty Isnéndés, “Séké Béntang” karya Mamat Sasmita, “Jeruk” karya Lugiena Dé, “Angin Puyuh” karya Absurditas Malka, jeung sajabana.

Pikeun maham kana karya sastra, naha éta karya kaasup kana karakteristik karya sastra dina ieu panalungtikan atawa henteu, tangtu kudu ngaliwatan kagiatan maca heula. Anu disebut kagiatan maca nyaéta salah sahiji kagiatan tina opat kaparigelan basa anu sipatna reseptif. Ieu hal luyu jeung anu disebutkeun ku Haerudin, Suherman, jeung Kardana (2013, kc. 7) yén maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu sipatna reseptif aktif. Demi nurutkeun Subyantoro (2011, kc. 9) maca mangrupa kaparigelan nu lila-lila bakal jadi paripolah sapopoé hiji jalma. Dipiharep ngaliwatan ieu panalungtikan para pamaca, hususna peserta didik bisa ngabiasakeun manéh ngajadikeun maca salaku kagiatan sapopoéna.

Patali jeung pedaran saméméhna, ieu panalungtikan baris ngalarapkeun pamarekan ekokritik. Ieu pamarekan téh élmu nu ngulik ngeunaan patalina antara lingkungan jeung karya sastra. Nurutkeun Endraswara (2016, kc. 43) ieu pamarekan miboga dua versi, nyaéta versi ekologi sastra jeung versi sastra ekologi. Sastra ekologi leuwih nyoko kana estetika lingkungan jeung ma'na nu aya dina sastra. Demi ekologi sastra (ekokritik) mah kritik nu leuwih nyoko kana hal-hal nu aya di sabudeureun sastra. Panalungtik baris nyokot sawatara judul pikeun jadi sumber data nu bakal dianalisis, nyaéta “Pasir Kiara” karya Yus Rusyana, “Tanah Sakarung,” jeung “Tempat Nyimpang Saheulaanan” karya Usép Romli, “Katiga téh Teuing Ku Lila” karya Ruhaliah, jeung “Séké Béntang” karya Mamat Sasmita.

Salian ti éta, aya ogé pamarekan séjén nu dipaké ku panalungtik dina ngaguar eusi sumber data, nyaéta struktural. Ieu pamarekan ngulik ngeunaan kumaha eusi sastra dumasar kana unsur-unsur instrinsikna atawa objektif. Luyu jeung nu disebutkeun ku Teeuw (Koswara, 2013, kc. 20) yén strukturalisme téh pamarekan nu ngulik karya sastra dumasar kana struktur otonom karya. Kitu ogé ceuk Isrofil (2015, kc. 52) nétélakeun yén strukturalisme téh pamarekan nu ngulik karya dumasar kana struktur karyana. Sacara gurat badagna mah strukturalisme téh nyaéta hiji pamarekan sastra anu museur kana analisis sacara objektif (langsung kana unsur intrinsik karyana). Tina hasil ngulik strukturalna, panalungtik bisa leuwih babari dina nganalisis sumber data maké ulikan ekokritik.

Ieu panalungtikan didasaran ku réa kasakséan manusa nu miceun runtah sangeunahna. Padahal di kota Bandung, contona, geus disadiakeun wadah runtah

di unggal tempat sarta aya dengda pikeun nu miceun runtah sangeunahna, tapi nyatana masih aya masarakat nu ngalakukeun éta hal. Salah sahiji organisasi nirlaba (Greenpeace Phillipines) di luar negri nyieun replika paus tina plastik (inspirasi tina kajadian lauk paus nu paéh alatan ngadahar limbah plastik), pikeun ngahudang kasadaran manusa kana pentingna ngajaga lingkungan sakumaha kuduna. Lian ti éta, panalungtikan ngeunaan pamarekan ekokritik dina basa Sunda masih kawilang saeutik. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Lima Carpon Sunda pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA kelas XI (Ulikan Struktural jeung Ekokritik)” nu satuluyna bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran, nyaéta ngeunaan struktur carita jeung analisis ekokritik tina hiji karya sastra (tema lingkungan). Ieu hal luyu jeung Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD) dina Kurikulum 2013 revisi 2017 nu meredih matéri carita pondok di Sekolah Menengah Atas (SMA) kelas XI, nu KD-na ngeunaan “Menganalisis isi, struktur, dan unsur kebahasaan ‘*carita pondok*’ (Tim Pengembang Kurikulum Tingkat Daerah, 2017, kc. 25). Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa mupuk kasadaran para peserta didik kana pentingna ngajaga lingkungan ngaliwatan pangajaran.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Kumaha struktur carita dina lima carita pondok nu ditalungtik?
- b. Kumaha ekokritik dina lima carita pondok nu ditalungtik?
- c. Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas XI?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta:

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh pikeun maluruh ekokritik dina sumber data, sarta nambahan kaweruh dina widang analisis struktural jeung

ekokritik nu bakal dipakaitkeun kana bahan pangajaran maca carita pondok di Sekolah Menengah Atas kelas XI.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun nganalisis jeung ngadeskripsikeun ngeunaan:

- a. Struktur carita dina lima carita pondok nu ditallungtik.
- b. Ekokritik dina lima carita pondok nu ditalungtik.
- c. Larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran maca carpon di SMA kelas XI.

### **1.4 Manfaat Panalungtikan**

Manfaat tina ieu panalungtikan nyaéta:

#### **1.4.1 Manfaat Teoritis**

Manfaat téoritisna pikeun nambahan kaweruh kana ulikan sastra nu maké pamarekan ekokritik, sarta jadi bahan bacaan jeung babandingan pikeun panalungtikan ka hareupna.

#### **1.4.2 Manfaat Praktis**

Manfaat praktis tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan ulikan ekokritik, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik leuwih teleb deui.
- b. Pikeun masarakat, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan sastra Sunda maké pamarekan ekokritik, pieunteungeun dina nyanghareupan kamungkinan nu aya di lingkungan sabudeureunana.
- c. Pikeun mahasiswa/pelajar, bisa dijadikeun bahan pustaka sarta babandingan dina panalungtikan ka hareupna.
- d. Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca carita pondok di SMA kelas XI dumasar kana KIKD Kurikulum 2013 revisi 2017.

### **1.5 Struktur Organisasi Skripsi**

Dina nyusun ieu skripsi, panalungtik ngawincik pedaran kana lima bab, nyaéta:

#### **BAB I BUBUKA**

Dina ieu bab panalungtik medar ngeunaan kumaha kasang tukang masalah panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan tina diayakeunna panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nulis laporan panalungtikan.

#### **BAB II ULIKAN TIORI**

Bab dua, panalungtik baris medar ngeunaan tiori-tiori anu patali jeung objek panalungtikan nu ditalungtik, nyaéta ngeunaan tiori struktural jeung ekokritik.

#### **BAB III METODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Ieu bab medar ngeunaan metode naon anu dipaké dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data, ngolah data, desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, sarta instrumen nu dipaké nalika ngayakeun panalungtikan.

#### **BAB IV TEMUAN JEUNG PEMBAHASAN**

Dina ieu bab, medar ngeunaan hasil analisis jeung pedaran tina panalungtikan nu dilakukeun, nyaéta pikeun ngajawab tina rumusan masalah di luhur.

#### **BAB V PANUTUP**

Sabada aya hasil analisis jeung pedaran tina ieu panalungtikan (dina bab opat) tuluy dicindekkeun, kumaha implikasina kana pangajaran, sarta panalungtik méré rekomendasi tina hasil panalungtikan.